

POUKISA MIKWOGRIY YO ENTERESAN?

Ki benefis ki gen ladann?

Kijan yo pwoteje kominote yo
nan yon ijans?



Inondasyon ak Tanperati Ekstrèm yo

Nou konnen rechofman
klimatik la kapab kapòz
plis lameteyo ki
ekstrèm epi Pò a
menase!





**Li enpòtan pou n pare!
Kisa nou bezwen
pandan yon dezaz?**

**Nou bezwen kouran
ki fyab pou
alimante...**



Enstalasyon kritik yo

Lopital, sant 911 yo ansanm
ak lòt sèvis ki trè enpòtan yo
ap rete operasyonèl.




Lakay ou

Pandan yon pàn elektrisite, frijidè a anpeche manje ak medikaman vin gate.

Ekipman medikal yo ap kontinye mache.


Ekleraj, elevatè ak chofaj epi klimatizasyon tout ap kontinye mache, po kenbe fanmi nou yo an sekirite.





Biznis yo

Kèlkeswa si se makèt lokal ou ak manje ki ka gate, restoran ou pito a ki nan katye w lan oubyen boutik nan kwen an, kouran ki fyab garanti manje (epi lajan!) pa gaspiye pandan yon pàn kouran.



Epi, liy kominikasyon ki louvri.

Kapasite pou kominike ak moun
pwòch ou epi ak sekouris yo
esansyèl pandan yon ijans.

Èske ou bezwen rele manman ou
epi di li ou ok?

E si ou bezwen rele yon anbilans?

Yon mikwogriy garanti ke entènèt
ak sèvis telefòn la ap kontinye
mache!





**Yon mikwogriy
ede fè Pò a gen
plis sekirite
pandan ak aprè
yon dezas.**

